

## **OU DWE KONN DWA W YO: Aksè pou Imigran Fè Avòtman**

Mizajou 22 septanm 2022

**Tout moun merite gen kontwòl sou kò yo ak sou avni yo, kèlkeswa kondisyon imigrasyon yo.** Nan plizyè eta, avòtman legal toujou pou tout moun, sepandan gen obstak ki prezante epi chèche konnen kijan pou jwenn swen kapab fè moun gen konfizyon ak enkyetid, sitou pou moun ki san papye yo ak pou lòt sitwayen ki pa sitwayen ameriken yo. Resous sila a se yon resous ki adrese enkyetid espesifik imigran genyen epi li bay enfòmasyon sou kijan pou gen aksè pou fè avòtman. Si w ap aplike pou yon benefis imigrasyon oswa si w gen kesyon konsènan kondisyon w nan peyi a, pale ak yon avoka imigrasyon ki kalifye.

- **Si avòtman legal nan eta kote m rete a, èske m ka fè youn menmsi m pa gen papye nan peyi a?** Nan eta kote avòtman legal, imigran ki pa gen papye ka fè avòtman e yo pap diskalifye selon kondisyon imigrasyon yo. Byenke pwofesyonèl swen sante yo ka poze w kesyon sou kondisyon imigrasyon w sizoka w vle aplike pou sèten pwogram tankou Medicaid, yo pa ka egzije w pou di yo kondisyon imigrasyon w pou w ka fè yon avòtman.
- **Si m fè yon avòtman, èske sa pral afekte kondisyon imigrasyon mwen, oswa posibilité m pou mwen vin sitwayen ameriken?** Lè w fè yon avòtman yon kote avòtman legal, sa pap afekte kondisyon imigrasyon w. Yo pa ka egzije ni oumenm ni fanmi w pou nou bay okenn enfòmasyon konsènan sèvis avòtman nou resevwa sou yon aplikasyon pou imigrasyon oswa pou sitwayènte. Si w resevwa yon avòtman nan yon eta kote avòtman pa legal, *anjeneral* sa pap afekte kondisyon imigrasyon w, sepandan ou dwe toujou pale ak yon avoka imigrasyon sou sikontans endividyle ou.
- **Si mwen pa gen papye nan peyi a, èske m ka ale nan yon lòt eta pou m fè yon avòtman?** Wi, ou ka soti nan yon eta pou ale nan yon lòt pou jwenn sèvis swen sante, ikonpri avòtman. Si w rete nan yon eta kote avòtman pa legal, ou ka ale nan yon eta kote avòtman yo legal pou jwenn swen sante. Sepandan, pwen kontwòl Patwouy Fwontalyè (Border Patrol) ak ajan ki fè kontwòl nan ayewopò ansanm ak sila ki fè kontwòl pou TSA yo, egzije pou gen papye legal pou pase. Kèlkeswa moun ki san papye ki toupre oswa ki sou yon fwontyè entènasyonal Etazini epi yo bezwen vwayaje pou swen sante sou wout oswa nan avyon, fòk moun sa yo konsilte yon avoka imigrasyon dabò epi apresa, si gen nesesite, yon òganizasyon ki defann dwa moun. [Li gid sa a pou ka gen plis enfòmasyon](#). Olye pou vwayaje, yon lòt opsyon se pou pran medikaman avòtman pèsonèlman, e w ap jwenn plis enfòmasyon sou sa anba a.
- **Kisa pou m fè si m pa ka peye pou yon avòtman?** Ou ka rele klinik oswa sant sante w la pou mande konbyen yon avòtman ap koute. Si w gen asirans sante, yo ka fè avòtman an gratis oswa pou yon pri ki ba, men gen sèten plan asirans ki pa kouvri avòtman. Ou ka rele konpayi asirans medikal ou dirèkteman pou mande si asirans la kouvri sa. Si w

bezwen èd pou peye pou yon avòtman, ka gen resous ki disponib pou sa. Gen fon ki disponib nan toulè 50 eta pou nenpòt moun ki bezwen èd. Fon pou avòtman yo **pa tcheke kondisyon imigrasyon** ni prèv sitwayènte okenn moun. Epitou gen plizyè fon ki bay sipò pou sèvis tankou vwayaj ak transpò, sèvis tradiksyon ak entèpretasyon, lojman, peman pou swen timoun, ak lòt bagay ankò. [Klike la a pou jwenn fon pou avòtman nan eta kote w rete a.](#)

- **Èske mwen ka jwenn swen sante, ak avòtman tou, nan lang mwen pale a?** Wi, se dwa w pou pale ak doktè w e pou ka jwenn sèvis avòtman oswa lòt swen medikal nan yon lang ou ka konprann (ikonpri pou yo ba w yon entèprèt).
- **Kisa k ap rive si m san papye nan peyi a, mwen ansent epi m gen yon ijans medikal?** Ou ka ale nan sal dijans nan yon lopital pou yo ede w ak ijans medikal la, menm si w pa gen papye imigrasyon oswa si w pa ka peye pou swen an. Kèlkeswa lwa ki genyen nan eta kote w rete a, si w gen yon ijans medikal k ap menase lavi w, yon sal dijans nan lopital gen obligasyon pou l ba w swen debaz ki nesesè pou pwoteje sante w ak sekirite w – menm si w san papye nan peyi a. Selon [gouvènman federal la](#), pamì sèvis medikal dijans yo genyen jesyon fos kouch ki nesesè ak swen avòtman nan sèten sikontans. Sepandan, y ap konteste règleman sa a aktyèlman nan tribunal federal. Byensouvan lopital yo ka ede w aplike pou pwogram ki pou ede w peye pou swen dijans, kit ou gen papye imigrasyon, kit ou pa genyen.
- **Si mwen san papye, èske li pridan pou m ale pran swen sante?** Anjeneral, wi. Ajans ki ranfòse lwa imigrasyon yo pa gen otorizayon pou yo mennen aktivite pou ranfòse lalwa nan lopital, ni nan biwo medikal, ak ni nan lòt “[zòn pwoteje](#)” eksepte nan kèk sikontans ki ra anpil. Si w rete nan yon zòn fwontyè oswa toupre, pwen kontwòl ak lòt otorite ranfòsman kapab kreye obstak ki anpeche w vwayaje pou swen sante. Si w rete nan zòn sa yo, ou dwe kontakte yon òganizasyon ki defann dwa moun oswa yon avoka imigrasyon pou ede w.
- **Èske se pou mwen prezante yon kat idantite pou m ka jwenn swen sante?** Ou ka bezwen prezante yon pyès idantite ki gen foto w ak dat nesans ou lè w ale nan randevou w la. Byenke pwofesyonèl avòtman yo pap refize ba w swen dapre kondisyon imigrasyon w, yo ka mande w prezante yon pyès idantite ki gen foto w pou rezon sekirite epi pou yo asire ke yo matche bon dosye medikal la ak vre moun nan. Pa blyie rele pwofesyonèl k ap ba w swen an anvan randevou w la pou ka konenn kisa pou pote egzakteman.
- **Èske m ka itilize medikaman pou yon avòtman?** Toudepann de kote w rete ak konbyen tan w genyen depi w ansent, li posib ke ou ka jwenn tretman [medikaman avòtman](#) nan men yon pwofesyonèl swen sante swa lakay ou oswa an pèsòn. Si famasi swen sante w la pa ka ba w medikaman w bezwen an, ou ka ale nan lòt famasi. Chèche konenn si gress avòtman pou pran adomisil yo disponib nan eta kote w rete a, ak kisa pou fè pou jwenn yo: [Grenn pou Plan C.](#)

- **Èske m ka jere avòtman m lan poukont mwen san m pa gen yon pwofesyonèl swen sante?** Gen sèten moun ki entèwont gwo sès yo yomenm ak gress avòtman yo. Anjeneral gress avòtman yo pa prezante okenn danje, sepan danje, sepan ka gen risk sou plan legal nan sèten eta. Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou kijan pou jere avòtman w oumenm [la a](#). Epitou w ka pale konfidansyèlman ak yon pwofesyonèl swen sante sou kijan pou jere avòtman w oumenm [la a](#). Si w gen kesyon sou risk legal ki genyen oswa si w bezwen plis sipò legal, w ap jwenn Liy Asistans Dirèk Repro Legal If/When/How (Si/Kilè/Kijan) an [la a](#).

### **RESOUS ADISYONÈL**

Bagay yo ap chanje rapid, epi lwa yo pa menm nan tout eta yo. Tanpri, itilize resous adisyonèl ki pi ba yo pou ka gen dènye enfòmasyon sou lwa ki gen nan eta w la ak resous ki disponib pou ou yo:



- [Kat ki Montre Règleman sou Avòtman nan peyi Etazini](#) (Guttmacher Institute): Map entèraktif ki bay detay sou règleman sou avòtman ki anplas, ikonpri distans pou kondui ale nan klinik avòtman ki pi pre a.
- [Lokalizatè Avòtman](#): Ou ka jwenn ki opsyon avòtman ki disponib pou ou nan eta kote w rete a. ([en Español](#))
- [Ineedana.com](#): Ou ka jwenn ki opsyon avòtman ki disponib pou ou nan eta kote w rete a. ([en Español](#))
- [Rezo Nasional pou Fon Avòtman](#): Ou ka jwenn yon kote ki ka ede w jwenn ak peye pou depans pou yon avòtman, ikonpri pou ede w vwayaje.
- [Anyè pou Sèvis Jiridik Rezo Defansè nan domèn Imigrasyon](#): Itilize resous sa a pou jwenn sèvis jiridik nan domèn imigrasyon ki gratis oswa ki bon mache nan eta oswa nan konte kote w ap viv la. (Disponib nan lang Arab, Chinwa, Angle, Fasi, Franse, Kreyòl Ayisyen, Hmong, Kimè, Koreyen, Ris, Panyòl, ak Vyetnamyen)
- [Grenn pou Plan C](#) : Chèche konnen si gress avòtman pou pran adomisil yo disponib nan eta kote w rete a, ak kisa pou fè pou jwenn yo. ([en Español](#))
- [Liy Asistans Dirèk ReproLegal](#) (If/When/How [Si/Kilè/Kijan]): Yon sous konfidansyèl ak gratis pou konsèy legal ak enfòmasyon sou avòtman ke moun jere yomenm. Ale sou sit [ReproLegalHelpline.org](#) oswa rele nan 844-868-2812. ([en Español](#), [简体中文](#)).

- [Glosè sou Avòtman](#) (NAPAWF): Resous sa a genyen mo ladan l ki itil pou konvèsasyon sou avòtman ak sou libète repwodiktif - tankou avòtman, otonomi kòporèl, ak egalite ant sèks yo - ki tradui nan wit lang azyatik. ([العربية](#), [বাংলা](#), [ଶାସ୍ତ୍ରୀୟ](#), [简体中文](#), [繁體中文](#), [हिन्दी](#), [한국어](#), [Tagalòg](#), [Tiếng Việt](#)).
- [Gid pou Imigran San Papye yo k ap Vwayaje nan peyi Etazini](#) (Immigrants Rising [Evolisyon Imigran yo]): Li gid sa a si w ap panse pou vwayaje antanke yon moun ki san papye (avèk oswa san DACA) e si ou ta renmen konnen kijan ou ka vwayaje san pwoblèm.

NILC ta renmen rekonèt ak remèsyé Protecting Immigrant Families Community Education Working Group, If/When/How, ASISTA ak Chris Rickerd pou kontribisyón enpòtan yo a pou resous sa a.